



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 6/9/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$2.1 MILYON NAN FINANSMAN FEDERAL POU
PWOJÈ REDIKSYON DANJE NAN VIL AMSTERDAM AK VILAJ SCHOHARIE**

***\$1.3 Milyon pou nouvo miray soutènman ki te andomaje pa Ewozyon sou
Krik Dove (Dove Creek) nan Amsterdam***

***\$838,366 pou Konsepsyon ak Analiz nan Vilaj Schoharie pou diminye Inondasyon
nan zòn ki gen tandans pou inondasyon toupre Spring Brook***

Gouvènè Cuomo jodia te anonse ke yo te bay plis pase \$2.1 milyon nan finansman Federal (Federal Hazard Mitigation funding) pou Rediksyon Danje nan Vil Amsterdam ak Vilaj Schoharie pou bay pwoteksyon kont inondasyon, van, ak pann kouran alaswit tanpèt ak inondasyon.

“Kòm rejyon sa te eksperimente de premye men, move tan ki se nouvo reyalite a e nou dwe fè tout sa nou kapab pou ede kominote yo vin pi rezistan ak prepare pou kèlkeswa sa lanati ta voye sou nou,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Finansman sa pral ede solidifye ensfrastrikti enpòtan nan Amsterdam ak Schoharie epi asire ke rezidan yo pwoteje kont gwo tanpèt ansanm avèk inondasyon ki akonpaye l.”

Komisyone Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) John P. Melville te deklare, “Sa a se yon lòt bon egzanp sou kijan gouvènman lokal, eta ak federal ap travay men-nan-men pou ede kominote nou yo bati pi solid ak pi ansekirite. Mwen kontan paske nou te anmezi pou ede kominote sa yo ale delavan avèk pwojè ki pi nesese yo.”

FEMA te otorize \$1,324,744 a vil Amsterdam pou demolisyon epi retire miray andomaje ki egziste deja ansanm avèk netwayaj Kouran Krik Dove la. Nouvo miray anbeton sipèpozab pre-fabrike pral ranplase pati ki andefayans kap tonbe yo ansanm avèk gwo wòch yo pral mete nan lòt zòn yo ki gen ewozyon sou riv Krik Dove la nan fason pou diminye nivo echanj nan kondisyon ki egziste deja pandan lap bay pwoteksyon final pou ewozyon. Pwojè stabilizasyon Krik Dove la ap kòmanse nan zòn entèseksyon Lwès Main Street ak Steadwell Avenue ki etann pou apeprè 1,300 pye, fini jis nan pati nò Steadwell Avenue toupre antre nan Lopital St. Mary. Anvansa, FEMA te otorize \$182,500 pou premye (1^{ve}) faz plan an ak konsepsyon pou pwojè a.

Vilaj Schoharie te apwouve pou \$838,366 pou plan konsepsyon jeni final ansanm avèk pèmi pou yon pwojè ki pral gen ladan diferan konpozan pou soulaje inondasyon nan

yon zòn fèb alitid ki gen tandans pou inondasyon peryodik apre anpil lapli fin tonbe ak lè nèj ak glas fin fonn sa ki kapab koze Spring Brook debòde sou riv li yo. Konpozan nan pwojè sa gen ladan fè yon analiz sou kapasite drenaj aktyèl la pou detèmine dimansyon obligasyon pou amelyorasyon dlo lapli nan tout vilaj la ak estasyon ponpaj dlo nan Hilgert Parkway, bati yon dig pou pwoteje Izin Tretman Dlo Ize, enstalasyon ekipman pou fè analiz videyo, revètman glisman ak ranplasman liy sistèm koleksyon pou anpeche dlo lapli a pa antre nan izin lan, ak enstalasyon yon jeneratè estasyonè avèk transfè otomatik nan Estasyon Fair Street Lift.

FEMA te apwouve pwojè sa yo anba Pwogram Sibvansyon Rediksyon Danje (Hazard Mitigation Grant Program) sa ki pèmèt eta etabli priyorite yo ki vize nan ogmante rezistans Eta, diminye risk pèt ak domaj ki asosye avèk pwochen katastwòf, epi redwi difikilte finansye. Apre gwo tanpèt Sandy te fin devaste plizyè pati nan New York, Gouvènè Cuomo te mande gouvènman ansanm avèk òganizasyon non-pwofi yo toupatou nan eta pou soumèt aplikasyon pou pwojè kap ede rebati kominote ki pi entelijan, pi solid, pi rezistan ak pi dirab apre pasaj resan katastwòf natirèl yo.

Egzekitif Konte Montgomery Matthew L. Ossenfort te deklare, “Mwen espesyalman kontan pou m wè travay pataje achane ak kolaborasyon pami patnè federal, eta ak lokal yo te lakoz nan finansman yon pwojè rezistans ki pi nesèsè. Mwen vle remèsye Biwo Gouvènè a paske li te ede garanti finansman an ki kontinye ap ede lokal yo nan Konte Montgomery rebati epi bay pwoteksyon kont move tan ekstrèm. Mwen ta renmen remèsye Komite NY Rising lokal nou yo ki te ede idantifye pwojè sa, ki enpòtan pou asire sekirite Lopital St. Mary, yon resous enpòtan non sèlman pou konte a, men pou tout rejyon an, ansanm avèk sèvis yo ki menm pi enpòtan pandan tan dezay yo.”

Majistra Vil Amsterdam Michael Villa te deklare, “Sa a se yon lòt etap nan pwosesis rekipèasyon kòm Amsterdam ap kontinye ale delavan. Nou vle remèsye Biwo Gouvènè a paske li te ede garanti lajan adisyonèl sa yo kòm nap chèche pou bay pwoteksyon kont inondasyon, van ak pann kouran. Pwojè Krik Dove la se yon konpozan enpòtan nan pwosesis sa a.”

Majistra Vilaj Schoharie John J. Borst te deklare, “Mwen kontan anpil epi eksite paske FEMA te finalman apwouve pou ale delavan avèk pwojè sa a. Li ta dwe bay pwoteksyon alontèm ansanm avèk rezistans pou enfrastrikti Vilaj la epi bay yon nivo pwoteksyon pou tanpèt ki nesèsè pou rezidan nou yo. Mèsi pou Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans pou sipò yo nan pwojè sa a.”

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Schoharie Earl Van Wormer, III te deklare, “Finansman sa pral ede redwi domaj nan zòn yo ki gen tandans pou inondasyon e mwen kontan paske pwojè sa prale delavan. Sa a se yon lòt bon egzanp sou kijan kolaborasyon nan tout nivo nan gouvènman ka amelyore kalite lavi pou rezidan nou yo.”

Enfòmasyon sou DHSES

Divizyon [Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans \(DHSES\)](#) ak kat biwo li yo -- Anti-teworis, Jesyon Ijans, Prevansyon ak Kontwòl Dife, ak Entèwoperab ak Kominikasyon Ijans --

bay direksyon, kowòdinasyon ak sipò pou efò prevansyon, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, ak rekipere kont teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak sa moun fè, menas, dife ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES](#), swiv [@NYSDHSES](#) sou [Twitter](#), oswa ale sou [dhses.ny.gov](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418